# TÁBIYIY HÁM TEXNIKALÍQ ILIMLER

## Biyologiya

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЙМАҒЫНДА ӨСИЎШИ ЖУЎСАН – ARTEMISIAL ӨСИМЛИГИ

**Р.Атамуратов** - *биология илимлериниң кандидаты, доцент*
**А.Оразбаева –** *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мураккаб гуллилар оиласи, Шувоқ - Artemisia L, доривор хусусиятлар, халқ тиббиёти, фармацевтик хусусиятлар, Artemisia arenaria DC, Artemisia diffusa, Artemisia halophila Krasch.

**Ключевие слова:** виды семенных растений, полынь – Artemizia L, лечебные свойства, народная медицина, широкое применение в фармацевтике, Artemizia arenasia DC, Artemizia diffusia, Artemizia halophile Krash.

**Key words:** complex flower seedbuds, Wormwood – Artemisia L, healing power, people's medicine,wideuse in pharmacy, Artemisia arenaria DC, Artemisia diffusia, Artemisia halophila Krash.

Жуўсан - Artemisia L. (курамалы гүллилер туқымласы - Asteraceae) өзине 400 түрли өсимликлерди, ҒМДА экологиялық жағдайларда: батпақ, шөл далада, тоғайда, таўлы аймақларда, айырымлары барлық зоналарда жабайы шөп болып ушырасады. Жуўсанлардың өмир сүриўи бир ҳәм еки жыллық, көп жыллық шөп тәризли түри менен ярым пақал, пақалынын бийиклиги 5-170 см ге шекем жетеди. Ҳәр тәреплеме изертлеўлер нәтийжесинде жуўсанның көплеген түрлери дәрилик шийки зат ретинде ҳәм дәрилик препарат сыпатында фармация индустриясында қолланыўға усынылған.

Халық медицинасында жуўсанның кең таркалыўына қарамастан фармакогностикалық изертлеўлердиң көлеми менен жуўсанның түрлериниң фитохимиялық қурамы салыстырмалы түрде Artemisia туўысының 15% ғана изертленген [1].

П.П.Поляков барлық флораны классификациялаў системасы бойынша жуўсан үш туўыс тармағына бөлинеди: Artemisia Less., Dracunculus (Bess.), Rydberg жәнe Seriphidium (Bess.) Rouy. Ҳәзирги ўақытта жуўсанның химиялық қурамы менен фармакологиялық қәсийетлери өзиниң көплеген туўыс тармағы - Artemisia арасында төмендегише ўәкиллери ең актив изертлениўде: A. vulgaris, A. pontica, A. annua, A. absinthium, A. selengensis, A. gmelini, A. frígida, A. mongolica, A. jacutica, A. argyi, A. austriaca, A. austrica, A. abrotanum, A. arctica, A. glabella, A. gmelinii, A. frígida, A. sieversiana.

Жуўсан түрлери оғада әҳмийетли, себеби олар дәрилик затлар, от-жемлик ҳәм безеў бериўши сыпатында экономикалық әҳмийетли болып табылады, соның менен бирге қурамы бузылған топырақларда төгин сыпатында қолланылады.

Жуўсан – Artemisia L. Дәрилик қәсийети бар өсимликлер әййемги заманлардан берли илимпазлардың дыққат орайында болып келеди.

Кейинги жыллары дәри болатуғын өсимликлерге, олардан исленген емлеў препаратларында зәрүрлик анағурлым күшейди. Солардың ишинен, Қарақалпақстанда кең таралғанлары жуўсанның туўысын айтсақ болады. Оның түрлери дәрилик қәсийети бар өсимлик қатарына киреди. Көп еллерде алколоидлар, гликозидлер, каротинлер алыўда пайдаланылады. Жуўсанның келип шығыўы, тарқалыўы ҳәм химиялық составы, халық хожалығындағы әҳмийети ҳәр тәреплеме көплеген илимпазлар тәрепинен тексерилген. Жуўсан (Artemisia) туўысы көп жыллық шөп денели өсимлик, бойы 15-70 см болып шор жерлерде, қумда, партаў жерлерде, жоллардың қапталларында тарқалған. Жуўсан өсимлигиниң дәрилик препарат таярлаў ушын гүлин, ақ тамырын жыйнап, кептирип ҳәм олардың ширели ишимликлер таярланыўы бизге белгили.

Қарақалпақстан жабайы флорасында ушырасатуғын қурама гүллилер
Полынь (жуўсан)-artemisia туўысы ҳәм оларға киретуғын түрлер.

| *№* | *Латынша аты* | *Орысша аталыўы* | *Қарақалпақша аталыўы* |
|---|---|---|---|
| 1 | *Artemisia annua L* | Полынь однолетняя | Бир жыллық жуўсан |
| 2 | *Artemisia arenaria DC* | Полынь песчаная | Қум жуўсаны |
| 3 | *Artemisia diffusa* | Полынь белая | Ақ жуўсан |
| 4 | *Artemisia halophile Krasch* | Полынь соле любивая | Дуз сүйиўши жуўсан |
| 5 | *Artemisia juncea Kar. et Kir.* | Полынь ситниковая | Елек тәризли жуўсан |
| 6 | *Artemisia kelleri Krasch* | Полынь Келлера | Келлер жуўсаны |
| 7 | *Artemisia leucodes Schrenk* | Полынь беловатая | Ақшыл жуўсаны |
| 8 | *Artemisia pauciflora Weber ex Stechm.* | Полынь малоцветковая | Аз гүлли жуўсан |
| 9 | *Artemisia santolina* | Полынь лопастелистная | Сантолинли (kamforlı) жуўсан |
| 10 | *Aschrenkrana Lodeb.* | Полынь Шренка | Шренк жуўсаны |
| 11 | *Artemisia scoparia Waldst. et Kit.* | Полынь веничная | Сипсе тәризли жуўсан (куўрай) |
| 12 | *Artemisia serotina Bunge* | Полынь поздняя | Кеш жуўсаны |
| 13 | *Artemisia songarica Schrenk* | Полынь джунгарская | Жунғар жуўсаны |
| 14 | *Artemisia succulenta Ledeb* | Полынь сочная | Суўлы жуўсан |
| 15 | *Artemisia terrae-albae Krasch* | Полынь бело земельная | Ақ жуўсан, томар жуўсан |
| 16 | *Artemisia tournefortiana Rchb.* | Полынь Турнефора | Турнеформа жуўсаны (куўрай) |
| 17 | *Artemisia turanica Krasch.* | Полынь туранская | Туран жуўсаны (қара жуўсан) |
| 18 | *Artemísia vulgáris* | Полынь обыкновенная | Әпиўайы жуўсан (куўрай, сасық куўрай) |

Соның ишинде **Ақ жуўсан *Artemisiaterra-albaekrasch*.** Көп жыллық ярым пута өсимлик, бийиклиги 30-40 см, пақалы көп шақалаған болып, жапырақлары майда тармақланған. Кум етеклеринде, Қызылқум, Султануайсте, Урге, Ақтумсық, Ақбеткей атаўларында кеңнен таралған (Шербаев, 1988). Ақ жуўсан Нөкистиң әтирапында кеңнен тарқалған. Қурамында протеин эфир майы, экстракт затлар, клечатка-

лар ушырасады. Ақ жуўсан қурамындағы алколоидтан безгекти емлеўде жақсы дәри таярланады [2].

Халық медицинасында ақ жуўсан жуўсан шай аты менен өпке кеселлигин даўалаўда, сонын менен бирге қан тоқтатыўшы ҳәм қурт түсириўши қурал сыпатында пайдаланылады.

**Ашшы жуўсан –*Artemisia absintium***. Бул түрден даўалаў мақсетинде төменги бөлиминдеги жапырақлары, гүлли шақалары ҳәм себетшелери жыйнап алынады. Абу Али ибн Сино бул өсимлик пенен бүйрек келликлери, ангина, көз, қулақ самаллаўында, өспелерди даўалаған. Соның менен бирге, бул өсимликти өт, сидик айдаўшы, ыссылықты түсириўши, қурт түсириўши дәри сыпатында усынған. Халық медицинасында ашшы жуўсан гүлли себетшелери қайнатпасынан асқазан ишек жаралары ҳәм геморойды даўалаўда пайдаланылады. Зарпешек пенен бирге демлемесин кем қанлыққа қарсы қолланалыды. Ашшы жуўсан жер үсти органлары қурамында абсинтин, гликозидлар, химиялық затлар, В6 ҳәм С витаминлери, янтарь ҳәм алма кислоталары ажыратып алынған.

**Әпиўайы жуўсан - *Artemisia vulgaris.*** Бул өсимликтиң дәрилик қәсийетлери, ҳәттеки, Диоскорид ҳәм Клавдий Галенларға белгили болған. Абу Али ибн Сино бүйрек тасын түсириўди ҳәм жатыр жараларын емлеўде пайдаланған. Қытай медицинасында бул өсимлик астманы емлеўде, қан тоқтатыўда, ҳәм ыссылықты түсириўши қурал сыпатында қолланылады. Белоруссия, Украина ҳәм Якутия халық медицинасында әпиўайы жуўсан қайнатпасынан гастрит, эпилепсия, өпке кеселлиги, кемқанлық, зат алмасыўының бузылыўы, бүйрек, сидик жоллары кеселликлерин емлеўде ҳәм қурт түсириўши сыпатында қолланылған. Өсимлик тамырының қойыў спиртли согин асқазан ҳәм ҳаяллардың жатыр рак кеселликлериниң алдын алыў ушын пайдаланылады. Бул өсимлик қурамында С, В1 витаминлери, химиялық затлар ҳәм эфир майлары ажыратып алынған.

**Бир жыллық жуўсан – Artemisia annua.** Өсимлик жапырағы шербетинен тери кеселликлерин (қышыма, темиреў, ириңли жара) емлеўде пайдаланылады. Қурғақ жапырақларынан экземаны даўалаў ушын 10% лимазь таярланады.

**Елек тәризли жуўсан – *Artemisia juncea Kar. rt. Kur***. Бул көп жыллық өсимлик шөп денели бийиклиги 15-17 см аралығында жапырағында еки тәрепинде жипек, сур ақшыл қалың түкшелер менен қапланған. Үстиртте кебирли топырақларда жоллардың бойларында ушырасады. Июльде гүллеп, октябрьде мийўелейди. Қолланылыўы бойынша халық медицинасында өсимликтиң пақалынан таярланған қайнатпаны ҳәр қыйлы аўырыўларға ем ретинде қолланылады. Мысал ушын, қайнатпа дөңгелек қуртларды, әсиресе, аскариданы қуўып шығыў қәсийетине ийе. Сонлықтан буны аскаридаға қарсы дәри ретинде қолланылады. (Бул жуўсаннан таярланған препарат қуртларды түсириўде қолланыў ушын Батыс Европа фармациясына киргизилген).

Ҳәзирги мағлыўматларды келтирилетуғын болсақ, көплеген дәрилик өсимликлер жоқ болып кеткен дәрилик-спаржа, кушала ҳәм айырым дәри өсимликлерди алынатуғын өнимниң муғдары экологиялық жағдайға байланыслы кемейип кеткен.

Жуўсанның себет гүлинде, әсиресе, гүли ашылмай турғанда және жапырағында уўлы зат сантонин болады. Сары жасыл түсли май алынады. Майдың қурамы 1841-жылдан баслап изертленген. 1884-жылы Воллах ҳәм Брасс майдың тийкарғы қурамы екенлигин анықлайды. Жақсылап қурғатылған себет гүли, цитвор туқымы, деген ат пенен медицинада глицогенлик зат ретинде қолланылады. Сантонин дәрисин көп қолланыў қәўипли, онда бас айланып, көриў, еситиў қәбилети пәсейеди, галлюцинацияға ушырайды. Ол гезде заттың бәри сары ҳәм күл реңли болып көринеди. Егер 0,4 га шекем пайдаланылса өлип қалыўы мүмкин. Сонлықтан дәригердиң кеңеси менен ғана пайдаланыў керек. Жуўсаннан сантанин эфир майы алынады. Сантонин ислеп шығаратуғын завод дүнья жүзинде тек Шымкент қаласында бар [3].

**Туран жуўсаны - Artemisia turanica** бул өсимлик шөл жайлаўларының қымбат баҳалы от шөп өсимлиги болып есапланады. Шөл шараятында, әсиресе, гүзде ҳәм қыс мәўсимлеринде қой, ешкилер ҳәм түйелер ушын тийкарғы от-жем болып есапланады. Орташа отшөп өнимдарлығы 1-1,5 ц\га ны қурайды. Жылдың гидротермикалық шараяты менен байланыслы от шөплик өнимдарлығы 1,81-1,5 ц\га шекем жетеди. Бир жыллық шөплери қурамында 19% ға шекем ығал протеин ҳәм 10% ға шекем белок болады. Жаз айларында жапырақларының қурыўы есабынан ығал протеин муғдары 3% ға шекем, белок муғдары 2% ға шекем кемейеди. Көп жыллық пақалларында ығал протеин (7% ға шекем) ҳәм белок (4% ға шекем) муғдары анағурлым төмен болады. Туран жуўсанында вегетатив массаның артыўы нәтийжесинде сахароза жыйналады ҳәм бир жыллық пақалларында 3,12% ды, көп жыллық пақалларында болса 1% ды қурайды. Клечатканың ең кем муғдары туран жуўсанында бәҳәр айларында бақланады. Бир жыллық пақалларында 19%, көп жыллық пақалларында болса 41%. Гүз айларында барып клечатка муғдары артады ҳәм бир жыллық путаларында 27% ды көп жыллық пақалларында 43 % ды қурайды.

**Әдебиятлар**

1. Ережепов С.Е. Флора Каракалпакии, её хозяйственная характеристика использования и охрана. -Ташкент: “Фан” 1978.
2. Ханина М.А. Полыни Сибири и Дальнего Востока (фармаконостическое исследование и перспективы использования в медицине): дис. … док.фарм. наук. –Томск: 1999. –С. 335.
3. Фруентов Н.К. Лекарственные растения Дальнего Востока. - Хабаровск: Кн. Изд., 1972. - С. 317 – 319.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада шувоқ ўсимлигининг тиббиётда, халқ хўжалигида, чорвачиликда, кундалик хаётдаги аҳамияти ёритиб берилган. Муаллифлар Қорақалпоғистон ҳудудида ўсадиган шувоқ ўсимлигининг турлари буйича тадқиқотлар истиқболи учун хизмат қилувчи мухим далилларни келтирган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются значимость растения полыни, применяемого в медицине, в скотоводческой отрасли народного хозяйства, а также в повседневной жизни. Авторы статьи привели в своей работе ряд аргументов доказывающих широкое применение растений семейства полыни, встречающихся на территории республики Каракалпакстан.

**SUMMARY**

The article deals with information on the value and practical meaning of the plant Wormwood which is actively used by people in medicine, cattle breeding and in everyday life. The authours of the article proved evidence of wide use of the species of the plants of Wormwood growing on the territory of Karakalpakstan.